

Delaware

GARANTI PWOSEDI DELAWARE YO SOU DWA PARAN AK TIMOUN NAN EDIKASYON ESPESYAL

An akò ak Pati B Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo,
ak règleman eta ak federal ki reji edikasyon espesyal

Jiyè 2019

Department of Education

Resous pou Timoun Espesyal

TABDÈMATYÈ

GARANTI PWOSEDI YO	1
Kisa Garanti Pwosedè Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la ye?.....	1
Kilè yo bay Avi sou Garanti Pwosedè yo?	1
ENFÒMASYON JENERAL	2
Kisa Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (IDEA) ye?.....	2
Ki kèk tèms komen sou edikasyon espesyal?	2
Ki kote mwen ka jwenn plis èd?	2
PATISIPASYON PARAN NAN REYINYON YO	4
Kijan yo pran desizyon sou bezwen edikasyon espesyal timoun mwen an?.....	4
Kisa yon reyinyon ekip IEP ye?	5
Kijan pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP timoun mwen an?.....	5
Èske lekòl la kapab fè yon reyinyon ekip IEP si mwen pa kapab patisipe?	6
Èske tout manm nan ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an?	6
AVI SOU REYINYON EKIP IEP A	6
Kijan yo pral avize mwen pou patisipe nan yon reyinyon ekip IEP?.....	6
Ki enfòmasyon Avi sou Reyinyon an gen ladann?.....	7
AVI ALEKRI ALAVANS	7
Kijan yo pral enfòmè mwen sou desizyon ki gen pou wè ak pwogram edikasyon espesyal timoun mwen an?.....	7
Kilè y ap ban mwen Avi Alekri Alavans la?	7
Kisa Avi Alekri Alavans la pral di mwen?	8
Èske mwen ka resevwa avi a pa kourye elektwonik?	8
KONSANTMAN PARANTAL	8
Kisa konsantman parantal la ye?.....	8
Kilè konsantman parantal mwen nesèsè?	8
Èske mwen ka refize oswa anile konsantman parantal la?	9
E si timoun mwen an sou pwoteksyon eta a?	9

DEZIYASYON PARAN RANPLASAN EDIKATIF	10
E si yo pa ka idantifye oswa lokalize paran an?	10
Kisa wòl yon paran ranplasan ye?	10
Kijan yo deziyen yon paran ranplasan?	10
Kilè wòl yon paran ranplasan fini?	10
EVALYASYON	11
Kisa yon evalyasyon ye?.....	11
Kisa kalandriye pou fè yon evalyasyon ye?.....	11
EVALYASYON EDIKATIF ENDEPANDAN	11
Èske yo ka evalye timoun mwen an yon fason endepandan sou kont lekòl la?.....	11
Kisa kondisyon yo ye pou yon evalyasyon endepandan?.....	12
KALIFIKASYON	12
Kijan yo detèmmine kalifikasyon?	12
PWOGRAM EDIKASYON PÈSONALIZE	12
Kisa yon IEP ye?.....	12
PLANIFIKASYON TRANZISYON POU LAVI GRANMOUN	13
Kisa planifikasyon tranzisyon an ye?	13
TRANSFÈ DWA LÈ LAJ MAJORITE A ATENN	14
Kisa dwa mwen yo ye lè timoun mwen an atenn dizuit (18) lane?	14
Kisa ki rive si elèv granmoun mwen an manke kapasite pou pran desizyon edikatif?.....	14
AKSÈ AK DOSYE EDIKATIF	14
Èske mwen ka egzamine dosye edikatif timoun mwen an?.....	14
MEDYASYON	16
Èske mwen ka mande medyasyon pou rezoud konfli mwen avèk lekòl la?.....	16

ODYANS POU PWOSE LÈKÒL	17
Kisa yon odyans pou pwose lekòl ye?	17
Kijan mwen ka mande yon odyans?	17
E si plent pou pwose lekòl mwen an pa gen tout enfòmasyon nesèsè yo ladann?	18
Konbyen tan yon odyans pou pwose lekòl pran?	18
Èske mwen ka pote chanjman nan plent pou pwose lekòl mwen an apre mwen fin depoze li?	18
Èske lekòl la oblije reponn plent pou pwose lekòl mwen an?	19
Kisa dwa mwen pou pwose lekòl la ye?	19
Èske plasman timoun mwen an chanje pandan pwose yo?.....	20
Kisa yon reyinyon rezolisyon ye?	20
Kisa peryòd rezolisyon an ye?	21
Kisa k ap rive si mwen pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an?	21
E si lekòl la pa rive fè reyinyon rezolisyon an?	21
Kisa desizyon sou odyans pou pwose lekòl la pral gen ladann?	22
Èske desizyon nan odyans pou pwose lekòl la ka konteste?	22
Kiyès k ap peye pou frè avoka mwen yo?	22
Kiyès k ap peye pou frè avoka lekòl la?	23
 PWOSEDI POU PLENT ETA	 23
Èske gen lòt fason pou rezoud konfli sou edikasyon timoun mwen an?	23
Ki diferans ki genyen ant pwose di plent pou odyans pou pwose lekòl ak plent eta?	23
Kijan mwen ka depoze yon plent eta?	24
Kijan Depatman an jere plent eta mwen an?	25
 PWOSEDI POU DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO	 26
Èske yo ka sispann oswa ekspilse timoun mwen an?	26
Èske timoun mwen an ap resevwa sèvis pandan yon sispannyon oswa ekspilasyon nan lekòl?	26
Kisa yon chanjman nan plasman pou rezon disiplinè ye?	26
Ki etap lekòl la dwe pran pou chanje plasman timoun mwen an pou rezon disiplinè?.....	27
Kisa ki rive nan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon?	27
E si ensidan konpòtmantal la se te yon manifestasyon andikap timoun mwen an?	28
E si ensidan konpòtmantal la se pa te yon manifestasyon andikap timoun mwen an?.....	28
Èske gen sikonstans espesyal sou lè yo ka mete timoun mwen an nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa?	28
Èske gen lòt rezon ki fè yo ka mete timoun mwen an nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa?	29
Kisa yon odyans akselere pou pwose lekòl ye?	29
Èske plasman timoun mwen an chanje pandan pwose di plent pou pwose akselere pou lekòl la?	30

Èske timoun mwen an gen pwoteksyon si yo pa te idantifye anvan sa ke li bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye?	30
Èske lekòl la ka rapòte konpòtman timoun mwen an bay yon ajans ki fè aplike lalwa?	30

TIMOUN KI FÈ PATI LEKÒL PRIVE YO 31

Kilè li nesèsè pou fè ranbousman frè lekòl prive yo?	31
Kilè ranbousman pou depans nan lekòl prive yo ka diminye oswa refize?	31
Kilè ranbousman an ka pa diminye oswa refize?.....	32

ANÈKS..... 33

Demann pou fòm medyasyon pou edikasyon espesyal
 Fòm plent pou pwosè lekòl ak demann pou odyans pou pwosè lekòl
 Fòm plent eta pou edikasyon espesyal

*Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Espesyal*

GARANTI PWOSEDI DELAWARE

**SOU DWA PARAN AK TIMOUN
NAN EDIKASYON ESPESYAL**

*An akò ak Pati B Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo,
ak règleman eta ak federal ki reji edikasyon espesyal*

GARANTI PWOSEDI YO

Kisa Garanti Pwosedè Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la ye?

Enfòmasyon sa yo bay ou menm kòm paran, responsab legal, ak paran ranplasan edikatif timoun ki gen andikap yo yon apèsi sou dwa edikatif ou, pafwa ki refere kòm Garanti Pwosedè. Enfòmasyon sa yo se Avi sou Garanti Pwosedè (Avi) ou, jan Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA) yo egzije sa ak règleman eta ak federal ki reji dispozisyon pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo. Yo bay Avi sa tou bay elèv yo ki otorize ak dwa sa yo lè yo gen dizuit (18) lane.

Kilè yo bay Avi sou Garanti Pwosedè yo?

Yo dwe ba ou Avi sou Garanti Pwosedè sa yo omwen yon (1) fwa nan yon ane lekòl; epi:

- (1) Premye fwa timoun ou an refere pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal;
- (2) Nenpòt lè ou mande pou timoun ou an resevwa yon evalyasyon pou edikasyon espesyal;
- (3) Premye fwa ou depoze yon plent pou pwosè lekòl oswa plent pou eta nan yon ane lekòl;
- (4) Chak fwa ou mande yon kopi Avi sou Garanti Pwosedè yo;
- (5) Nan chak reyinyon ekip IEP; epi

(6) Nenpòt lè lekòl la pran yon desizyon¹ pou chanje plasman edikatif timoun ou an akòz yon vyolasyon kòd konduit lekòl la (si timoun ou an gen dwa ak pwoteksyon disiplinè IDEA a).

Garanti Pwosedi Delaware sou Dwa Paran ak Timoun yo nan Edikasyon Espesyal disponib nan: <https://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>

ENFÒMASYON JENERAL

Kisa Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (IDEA) ye?

IDEA se yon lwa federal ki egzije lekòl yo bay yon edikasyon piblik apwopriye e gratis pou timoun ki gen andikap yo. Yon edikasyon piblik apwopriye e gratis refere kòm FAPE e sa vle di edikasyon espesyal ki se ansèyman ki fèt espesyalman pou bay timoun ou an atravè pwogram edikasyon endividyalize a, oswa IEP a, sou sipèvizyon piblik epi gratis. FAPE a dwe pèsonalize pou satisfè bezwen inik timoun ou an, bay avantaj enpòtan sou timoun ou an ki mezire pa rapò ak potansyèl timoun ou an epi bay aprantisaj enpòtan pou timoun ou an.

Ki kèk tèm komen sou edikasyon espesyal?

Se ekip IEP timoun ou an ki ekri IEP timoun ou an nan yon reyinyon ekip IEP a ki te fèt omwen yon fwa pa ane epi ki te gen paran yo ladann kòm patisipan. IEP a dwe gen ladann kèk dispozisyon obligatwa, ki gen ladann, men pa limite a yon nivo aktyèl reyisit akademik timoun ou an ak pèfòmans fonksyonèl, objektif anyèl mezirab, yon deklarasyon sou sèvis espesyalize ak sipò timoun ou an bezwen, yon lis aranjanman ki nesèsè pou klas yo ak evalyasyon, ak yon eksplikasyon sou kantite tan timoun ou an p ap patisipe nan klas edikasyon nòmal yo. Lekòl la dwe bay rapò pwogrè regilye sou pwogrè timoun ou an nan atent objektif IEP yo. Sèvis edikasyon espesyal yo dwe bay nan anviwònman ki mwens restriktif, oswa LRE (Anviwònman Mwens Restriktif), sa ki vle di timoun ou an dwe patisipe nan klas ak patisipe nan lòt aktivite ak timoun ki pa gen andikap otan sa posib, nan bay bezwen edikatif pou timoun ou an. Kòm yon paran, ou ka bay oswa kenbe konsantman pou kèk aksyon anvan lekòl la ka aji.

Ki kote mwen ka jwenn plis èd?

Lè ou gen yon enkyetid sou edikasyon timoun ou an, li enpòtan pou ou rele oswa kontakte pwofèsè timoun ou an oswa administrasyon an pou pale sou timoun ou an ak nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen. Anplwaye nan lekòl ou a ka reponn kesyon sou edikasyon timoun ou an, dwa ou, ak garanti pwosedi yo. Lè ou gen yon enkyetid, konvèsasyon avèk anplwaye lekòl la ka rezoud pwoblèm nan epi ede kenbe kominikasyon louvri.

Ou kapab kontakte sipèvizè edikasyon espesyal lokal ou a tou pou distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan an. Sonje, Règleman Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) ki reji edikasyon espesyal la disponib sou: <http://regulations.delaware.gov/AdminCode/title14/900/index.shtml>

¹ Tèm lekòl la itilize nan Avi sa pou dekri nenpòt ajans piblik edikasyon responsab pou bay pwogram edikasyon espesyal timoun ou an, sa gen ladann lekòl piblik endepandan ak distri lekòl yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis edikasyon espesyal, ou ka kontakte:

Mary Ann Mieczkowski
Direktris, Exceptional Children Resources
Delaware Department of Education
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388
Imèl: maryann.mieczkowski@doe.k12.de.us
Sit entènèt: www.doe.k12.de.us

Gen enfòmasyon anplis ki disponib lè ou kontakte:

Parent Information Center of Delaware, Inc.

New Castle County Office:

404 Larch Circle
Larch Cooperate Center
Wilmington, DE 19804
Telefòn: (302) 999-7394
Faks: (302) 999-7637

Biwo Kent/Sussex:

Sou randevou sèlman
(888) 547-4412

Sitwèb www.picofdel.org

**Patenarya Edikasyon Espesyal pou
Rezolisyon Amikal Konfli (SPARC)
Pwogram Rezolisyon Konfli**

177 Graham Hall
Institute for Public Administration
University of Delaware
Newark, DE 19716
Telefòn: (302) 831-8158
Faks: (302) 831-0450

Sitwèb <https://www.bidenschool.udel.edu/ipa>

Pwogram Dwa pou Moun Andikape

New Castle County:

100 West Tenth Street, Suite 801
Wilmington, DE 19801
Telefòn: (302) 575-0690
302-575-0696 (TTY/TDD)
Nimewo gratis: 1-800-292-7980

Kent County:

840 Walker Road
Dover, DE 19904
302-674-8503 (TTY/TDD Also)
Liy gratis: 800-537-8383

Sussex County:

Georgetown Professional Park
20151 Office Circle
Georgetown, DE 19947
302-856-3742 (TTY/TDD Also)
Liy gratis: 800-462-7070

Sitwèb: <http://www.declasi.org/disabilities-law-program/>

Delaware Volunteer Legal Services, Inc.

Wilmington:

Telefòn: (302) 478-8680

Sussex oswa Kent County:

Telefòn: (888) 225-0582
Imèl: tventresca@dvls.org

Sitwèb: <http://www.dvls.org/>

PATISIPASYON PARAN NAN REYINYON YO

Kijan yo pran desizyon sou bezwen edikasyon espesyal timoun mwen an?

Desizyon sou bezwen ak sèvis edikasyon espesyal timoun ou an fèt nan reyinyon ekip la. Kòm paran yon timoun ki gen andikap, ou gen dwa pou patisipe nan reyinyon yo sou idantifikasyon timoun ou an kòm yon timoun ki gen yon andikap, evalyasyon bezwen edikasyon espesyal timoun ou an, detèminasyon si timoun ou an bezwen sèvis edikasyon espesyal, preparasyon, analiz ak/oswa revizyon IEP timoun ou an ak plasman edikatif timoun ou an.

Kisa yon reyinyon ekip IEP ye?

Yon ekip IEP se yon gwoup moun ki kalifye ki regilyèman rankontre nan reyinyon ekip IEP yo pou pran desizyon sou IEP timoun ou an. Ekip IEP a gen ladann:

- (1) Paran timoun nan;
- (2) Omwen youn nan pwofesè edikasyon regilye timoun ou an;
- (3) Omwen youn nan pwofesè edikasyon espesyal timoun ou an;
- (4) Yon reprezantan lekòl ki gen otorite pou angaje resous lekòl la epi pou asire yo bay timoun ou an sèvis IEP yo;
- (5) Yon moun ki gen ekspètiz pou entèprete rezilta evalyasyon timoun ou an;
- (6) Timoun nan, lè sa apwopriye; ak
- (7) Pwofesè edikasyon teknik karyè timoun ou an oswa pwofesè teknik karyè a kowòdinatè, si timoun ou an, oswa ka, ap patisipe nan yon pwogram karyè ak edikasyon teknik.

Ou ka envite lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan timoun ou an pou patisipe nan yon reyinyon ekip IEP. Ou ka mande tou pou prezans nenpòt pwofesè, asistan pwofesè, ak anplwaye anplis nan yon reyinyon ekip IEP.

Kijan pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP timoun mwen an?

Ou gen dwa pou patisipe nan chak reyinyon ekip IEP pou timoun ou an paske ou gen konesans sou fòs, objektif, ak bezwen timoun ou an epi opinyon ou enpòtan. Si ou pa ka patisipe nan yon reyinyon ekip IEP a an pèsòn, lekòl la dwe itilize lòt metòd pou asire patisipasyon ou, tankou nan itilize apèl endividyèl oswa konferans, oswa konferans videyo.

Ou gen dwa tou pou gen yon entèprèt, tradiktè, oswa entèprèt langaj siy lekòl la bay gratis, si sa nesesè.

Ekip IEP a dwe asire patisipasyon ou lè li ba ou yon kesyonè anvan reyinyon ekip IEP a. Kesyonè a mande enfòmasyon sou pwogrè timoun ou an, ak etap pwopoze ki dwe pran pou ajiste objektif timoun ou an, kourikoulòm, sèvis, èd, modifikasyon, ak lòt eleman nan IEP timoun ou an.

Anplis, si ekip IEP a prepare yon bouyon IEP timoun ou an anvan reyinyon an, ekip IEP a dwe ba ou yon kopi bouyon IEP a avèk yon lèt ki di klèman ke IEP a se sèlman yon bouyon pou rezon diskisyon epi li sijè a revizyon. .

Anvan reyinyon ekip IEP a, ou ka mande tou nenpòt ki enfòmasyon ki nan men lekòl la ki gen rapò ak bezwen oswa andikap timoun ou an, sa gen ladann evalyasyon nan salklas ak pou fòmasyon, done konpòtman, rapò sèvis ki lye yo, ak done ki gen rapò ak pwogrè timoun ou an lè yo bay prè ki baze sou entèvansyon yo.

Èske lekòl la kapab fè yon reyinyon ekip IEP si mwen pa kapab patisipe?

Lekòl la ka fè yon reyinyon ekip IEP si ou pa kapab patisipe, men sèlman si lekòl la ka demontre li te fè efò pou fè aranjman pou jwenn yon akò mityèl sou lè ak kote pou reyinyon an epi te eseye konvenk ou pou ou patisipe. Dosye yo dwe demontre dosye detaye sou apèl telefon ki te fèt, ak rezilta apèl yo, kopi korespondans ki te voye ak repons ki te resevwa yo, dosye detaye sou vizit ki te fèt nan kay paran an oswa espas travay la, ak rezilta vizit yo.

Èske tout manm nan ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an?

Tout manm obligatwa nan ekip IEP a dwe patisipe nan tout reyinyon ekip IEP a, amwenske ou bay konsantman alekri pou yon manm obligatwa nan ekip IEP a pa patisipe. Gen de (2) sikonstans lè yon lekòl ka mande konsantman ou pou yon manm ekip IEP a pa patisipe nan yon reyinyon:

Si yo pa diskite oswa modifye zòn yon manm ekip IEP ki obligatwa nan reyinyon an, lekòl la ka mande pou konsantman alekri ou pou fè manm nan ekip sa pa patisipe nan reyinyon an, an antye oswa an pati. Si ou dakò manm ekip la ka pa patisipe, ou dwe bay konsantman alekri a nan lekòl la. Ou ka refize bay konsantman tou, epi manm ekip la dwe patisipe nan reyinyon an oswa reyinyon an ka bezwen repwograme.

Si yo diskite oswa modifye domèn yon manm ekip IEP obligatwa a nan reyinyon an, lekòl la ka mande pou konsantman ou alekri pou ke manm sa a pa patisipe nan reyinyon an, antyèman oswa an pati. Anvan reyinyon an, manm ekip ki p ap patisipe a dwe bay paran yo ak ekip IEP a opinyon ekri li nan preparasyon IEP a. Si ou dakò manm ekip la ka pa patisipe, ou dwe bay konsantman alekri a nan lekòl la. Ou ka refize bay konsantman an, epi manm ekip la dwe patisipe nan reyinyon an oswa reyinyon an ka bezwen repwograme.

AVI SOU REYINYON EKIP IEP A

Kijan yo pral avize mwen pou patisipe nan yon reyinyon ekip IEP?

Lekòl la dwe pran mezi pou asire ke ou prezan nan chak reyinyon ekip IEP pou timoun ou an ak opòtinite ou jwenn pou patisipe. Lekòl la dwe pran randevou pou reyinyon an nan yon dat ak yon lè ki antann youn ak lòt, epi li dwe voye ba ou yon avi alekri sou reyinyon ekip IEP a pa mwens pase dis (10) jou lekòl anvan reyinyon an (e pa mwens pase senk (5) jou lekòl anvan yon reyinyon pou fè yon detèminasyon manifestasyon) pou asire ke w ap gen opòtinite pou patisipe.

Ki enfòmasyon Avi sou Reyinyon an gen ladann?

Avi alekri sou reyinyon an dwe deklare:

- (1) Objektif la, lè a, ak kote reyinyon an, epi ki moun k ap patisipe;
- (2) Enfòm ou sou dwa pou envite nan reyinyon an lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal sou timoun ou an;

- (3) Enfòmè ou sou dwa pou mande prezans nenpòt pwofesè, asistan pwofesè ak manm pèsònèl anplis nan reyinyon an;
- (4) Enfòmè ou sou dwa pou mande nenpòt done, anvan reyinyon ekip IEP a, ki gen ladann evalyasyon salklas ak pou fòmasyon, done konpòtman, rapò sèvis ki lye yo, oswa done ki gen rapò ak pwogrè timoun ou an lè yo bay entèvansyon ki baze sou prèv, nan men lekòl la ak ki gen rapò ak bezwen ak andikap timoun ou an.
- (5) Pou yon timoun ki gen yon andikap, apati pi bonè premye IEP a antre anvigè lè timoun nan gen katòz (14) an oswa antre nan uityèm (8yèm) ane, oswa pi jèn si ekip IEP detèmine sa apwopriye, avi a dwe endike yon objektif reyinyon an pral se konsiderasyon objektif apre segondè ak sèvis tranzisyon yo pou timoun nan epi timoun nan dwe gen envitasyon nan reyinyon an alekri.

Anplis, yon rezime Garanti Pwosedi Delaware ak Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal twouve li anndan Avi alekri sou reyinyon an.

AVI ALEKRI ALAVANS

Kijan yo pral enfòmè mwen sou desizyon ki gen pou wè ak pwogram edikasyon espesyal timoun mwen an?

Lekòl la dwe enfòmè ou sou desizyon enpòtan ke yo te pran sou pwogram edikasyon espesyal timoun ou an nan ba ou avi alekri alavans ki konpreyansib ak nan lang natif natal ou, oswa lòt mwayen kominikasyon. Avi a vle di pou ba ou ase enfòmasyon pou asire ou konprann edikasyon espesyal la ak sèvis ki lye yo, lekòl la ap pwopoze oswa refize bay avèk rezon yo pou desizyon an, epi ba ou yon opòtinite pou chèche rezolisyon nenpòt diskisyon atravè medyasyon, oswa yon plent pou eta ki depoze, oswa plent pou pwosè lekòl

Kilè y ap ban mwen Avi Alekri Alavans la?

Yo dwe ba ou avi a pa mwens pase dis (10) jou lekòl anvan lekòl la pwopoze (oswa refize) kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon timoun ou an, oswa dispozisyon yon edikasyon piblik gratis e apwopriye. Nan sitiyasyon ki enplike yon chanjman nan plasman pou rezon disiplinè, avi a dwe bay pa mwens pase senk (5) jou lekòl anvan lekòl la chanje plasman timoun ou an.

Kisa Avi Alekri Alavans la pral di mwen?

Avi Alekri Alavans la pral:

- (1) Dekri aksyon lekòl la pwopoze oswa refize a;
- (2) Eksplike poukisa lekòl la pwopoze oswa refize aksyon an;
- (3) Dekri chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò lekòl la te itilize kòm yon baz pou aksyon ki pwopoze oswa refize a;

- (4) Dekri nenpòt lòt opsyon manm ekip IEP a te konsidere ak rezon ki fè opsyon sa yo te rejte;
- (5) Dekri nenpòt lòt faktè enpòtan pou aksyon ki pwopoze oswa refize a;
- (6) Gen ladann yon deklarasyon ki eksplike dwa ou pou garanti pwosedi yo; ak
- (7) Gen ladann sous pou ou pou kontakte pou jwenn èd pou konprann IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon Delaware;

Anplis, yon rezime Garanti Pwosedi Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal twouve li anndan Avi Alekri Alavans la.

Èske mwen ka resevwa avi pa kourye elektwonik?

Si lekòl ou a ofri paran yo chwa pou yo resevwa dokiman yo pa imèl, ou ka chwazi pou resevwa Avi sou Reyinyon an, Avi Alekri Alavans, ak Garanti Pwosedi Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la pa imèl.

KONSANTMAN PARANTAL

Kisa konsantman parantal la ye?

Kòm paran yon timoun ki gen yon andikap, ou gen dwa pou bay oswa kenbe konsantman ou pou kèk aksyon lekòl la ap pwopoze. Konsantman vle di ou te byen enfòmè sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak aksyon lekòl la ap pwopoze a, epi ou konprann ak dakò, alekri, avèk aksyon ki pwopoze a.

Kilè konsantman parantal mwen nesesè?

- (1) **Anvan premye evalyasyon edikasyon espesyal timoun ou an.** Lekòl la dwe jwenn konsantman eklere, alekri ou anvan li ka kontinye ak premye evalyasyon edikasyon espesyal timoun ou an. Lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman eklere ou pou yon premye evalyasyon pou detèmine si timoun ou an se yon timoun ki gen yon andikap. Sepandan, konsantman ou pou premye evalyasyon an pa vle di ou te bay konsantman ou tou pou lekòl la kòmanse bay timoun ou an sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki lye atravè yon IEP.
- (2) **Anvan re-evalyasyon timoun ou an pou Edikasyon Espesyal** Lekòl la dwe dokimante li te fè efò rezonab pou jwenn konsantman ou. Si ou pa reponn ak tantativ sa yo, lekòl la ka kontinye avèk re-evalyasyon an san konsantman ou.
- (3) **Anvan timoun ou an resevwa sèvis edikasyon espesyal pou premye fwa.** Ou dwe bay konsantman eklere, alekri a anvan lekòl la ka bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki lye pou timoun ou an atravè yon IEP pou premye fwa.

Èske mwen ka refize oswa anile konsantman parantal la?

Si ou refize bay konsantman pou yon premye evalyasyon oswa re-evalyasyon, lekòl la ka kontinye chèche evalyasyon yo nan mande yon konferans medyasyon avèk ou oswa nan itilize pwosedi odyans pou pwosè lekòl.

Si ou refize bay konsantman pou timoun ou an resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki lye atravè yon IEP pou premye fwa, oswa si ou pa reponn ak yon demann pou bay konsantman sa, lekòl la pa oblije gen yon reyinyon ekip IEP oswa prepare yon IEP pou timoun ou an. Anplis, lekòl la pa ka itilize medyasyon oswa pwosedi odyans pou pwosè lekòl pou jwenn akò ou oswa yon desizyon ke li ka bay edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo bay timoun ou an.

Nenpòt ki lè, ou ka anile konsantman timoun ou an pou kontinye bay timoun ou an sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo. Anilasyon ou an dwe; sepandan, alekri epi bay lekòl la li. An retou, lekòl la dwe sispann tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki lye ak li bay timoun ou an, men sèlman apre li fin ba ou yon avi ekri alavans konsènan chanjman nan plasman edikatif ak sèvis ki dekoule de sa yo.

Konsantman ou pa obligatwa pou revize enfòmasyon ki egziste yo kòm yon pati nan pwosesis evalyasyon an, oswa pou bay tès yo ke yo bay tout timoun yo (amwenske konsantman an obligatwa pou tout timoun yo). Konsantman ou pou nenpòt aktivite volontè e ka anile nenpòt kilè, men anilasyon konsantman ou pa anile okenn aksyon ki te pran pandan lekòl la te gen konsantman ou.

Lekòl la ka pa itilize refi ou pou konsantman ak yon sèvis oswa aktivite pou refize ou menm oswa timoun ou an nenpòt lòt sèvis, benefis oswa aktivite.

E si timoun mwen an sou pwoteksyon eta a?

Si timoun ou an sou pwoteksyon eta a epi p ap viv ak okenn paran, lekòl la pa bezwen konsantman nan men yon paran pou yon premye evalyasyon si:

- (1) Lekòl la pa ka jwenn paran an apre li te fin fè efò rezonab pou fè sa;
- (2) Dwa parantal yo sispann an akò ak lwa eta a; oswa
- (3) Yon jij te asiyen dwa pou pran desizyon edikatif bay yon moun ki pa paran an, epi yo te bay moun ki te deziyen pou reprezante timoun nan konsantman pou yon evalyasyon inisyal.

DEZIYASYON PARAN RANPLASAN EDIKATIF

E si yo pa ka idantifye oswa lokalize paran an?

Lekòl yo dwe asire yo asiyen yon moun pou aji kòm paran ranplasan pou timoun nan ki gen yon andikap lè yo pa ka idantifye yon paran e lekòl la pa ka detèmine kote paran an ye. Yo ka deziyen

yon paran ranplasan tou si yo te detèmine yon timoun sou pwoteksyon eta a, li se yon jèn ki sanzabri e san konpay, oswa li sou gad Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo.

Kisa wòl yon paran ranplasan ye?

Yon paran ranplasan reprezante timoun nan nan tout zafè ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, ak plasman edikatif timoun nan, ak dispozisyon yon edikasyon piblik apwopriye e gratis pou timoun nan. Paran ranplasan an dwe vin abitye avèk tout istwa ak bezwen edikatif timoun nan, pwoteje nati konfidansyèl dosye lekòl timoun nan, epi patisipe nan preparasyon IEP timoun nan. Paran ranplasan an ka bay oswa kenbe konsantman pou premye evalyasyon oswa plasman timoun nan, epi revize ak evalye pwogram edikasyon espesyal ki disponib pou timoun nan. Paran ranplasan an gen plis responsablite pou mande medyasyon, oswa depoze yon plent pou eta, oswa plent pou pwosè lekòl, lè sa nesèsè. Depatman an bay fòmasyon pou paran ranplasan konsènan lwa eta ak federal ki gen rapò ak edikasyon timoun ki gen andikap.

Kijan yo deziyen yon paran ranplasan?

Lekòl yo responsab pou idantifye ak lokalize timoun ki ka bezwen paran ranplasan yo, epi yo dwe soumèt touswit yon demann bay Depatman an pou randevou yon paran ranplasan lè sa nesèsè. Lè sa a, Depatman an deziyen yon paran ranplasan ki gen konesans ak konpetans pou reprezante timoun nan byen. Paran ranplasan an dwe gen omwen dizuit (18) lane, epi pa gen okenn enterè ki antre an konfli ak timoun nan. Paran ranplasan an pa kapab yon anplwaye distri lekòl la, lekòl piblik endepandan oswa Depatman an, oswa nenpòt ki lòt ajans ki enplike nan swen oswa edikasyon timoun lan.

Kilè wòl yon paran ranplasan fini?

Depatman an ka mete fen nan randevou yon paran ranplasan lè li detèmine timoun nan pa bezwen yon paran ranplasan ankò. Yon paran ranplasan kapab sispann tou si moun ki ranplase an pa ranpli responsablite li, oswa devwa pou kenbe konfidansyalite.

Yon jèn ki ant dizuit (18) lane ak venteyen (21) lane ka rete kalifye pou jwenn oryantasyon pou randevou yon reprezantan edikatif. Amwenske yo deklare yon tribinal lalwa enkonpetan, jèn nan gen dwa pou gen yon reprezantan edikatif oswa refize randevou yon reprezantan edikatif. Jèn nan gen dwa tou pou patisipe nan seleksyon yon reprezantan edikasyon, epi nan mete fen nan sèvis paran ranplasan an.

EVALYASYON

Kisa yon evalyasyon ye?

Yon evalyasyon se yon pwosesis ki itilize pou detèmine si timou ou an gen yon andikap epi si li bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo. Pwosesis la enplike revizyon done ki enpòtan, ak revizyon endividyèl nenpòt ki evalyasyon ak obsèvasyon timoun ou an, ki gen ladann enfòmasyon paran yo bay. Yon mezi oswa evalyasyon patikilye pa ka itilize pou detèmine kalifikasyon timoun ou an pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo. Li obligatwa pou gen yon minimòm de (2) sous

done. Se yon moun ki fòme e ki gen konesans avèk kalifikasyon ki dwe bay chak evalyasyon pou mennen evalyasyon ki koyeran avèk lisans pwofesyonèl ak sètifikasyon li.

Kisa kalandriye pou fè yon evalyasyon ye?

Lekòl la dwe fè yon premye evalyasyon nan karant-senk (45) jou lekòl, oswa katrevendis (90) jou kalandriye, kèlkeswa sa ki mwens, apati lè yo resevwa konsantman ou alekri pou fè evalyasyon an.

Yon re-evalyasyon dwe fèt omwen yon fwa chak twa (3) lane, sof si ou menm ak lekòl la dakò yon re-evalyasyon pa nesèsè. Yon re-evalyasyon ka fèt pi bonè pase (3) lane yo, men pa plis pase yon fwa chak ane, sof si ou menm ak lekòl la dakò.

Si ou mande yon evalyasyon pou timoun ou an, epi lekòl la refize fè evalyasyon an, lekòl la dwe ba ou avi alekri alavans ki dekri rezon refi a.

EVALYASYON EDIKATIF ENDEPANDAN

Èske yo ka evalye timoun mwen an yon fason endepandan sou kont lekòl la?

Evalyasyon endepandan vle di yon evalyasyon ki fèt pa yon egzaminatè ki kalifye ki p ap travay nan lekòl la. Ou gen dwa mande ak jwenn yon evalyasyon edikatif endepandan pou timoun ou an sou kont leta si ou pa dakò avèk yon evalyasyon timoun ou an te jwenn nan lekòl la, sou rezèv sa ki annapre yo:

Si ou mande yon evalyasyon endepandan pou timoun ou an sou kont leta, lekòl la dwe swa: (1) depoze yon plent pou pwosè lekòl pou mande yon odyans pou montre evalyasyon li an te apwopriye, oswa (2) bay yon evalyasyon endepandan sou kont leta.

Si lekòl la depoze yon plent pou pwosè lekòl pou mande yon odyans epi desizyon final la di evalyasyon lekòl la apwopriye, ou toujou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon endepandan, men pa sou kont leta.

Lekòl la dwe reponn demann ou a pou yon evalyasyon e ba ou enfòmasyon sou kote pou jwenn evalyasyon an. Lekòl la ka mande poukisa ou konteste ak evalyasyon li a, men ou pa oblije bay yon eksplikasyon. Ekip IEP a dwe konsidere evalyasyon endepandan yo lè y ap pran desizyon sou edikasyon piblik gratis e apwopriye timoun ou an. Ou menm oswa lekòl la ka prezante evalyasyon endepandan an kòm prèv yon odyans pou pwosè lekòl konsènan timoun ou an.

Lekòl la pa ka retade san rezon pou bay evalyasyon edikatif endepandan oswa pou kòmanse yon odyans pou defann evalyasyon piblik. Si lekòl la mande yon odyans epi genyen, ou toujou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon edikatif endepandan, men pa sou kont leta.

Kisa kondisyon yo ye pou yon evalyasyon endepandan?

Si yon evalyasyon endepandan sou kont leta, kritè pou evalyasyon an dwe se menm kritè lekòl la itilize lè li kòmanse yon evalyasyon, tankou lokasyon evalyasyon an ak kalifikasyon evalyatè a.

Otreman, lekòl la ka pa enpoze kondisyon anplis oswa delè ki gen pou wè ak jwenn evalyasyon an sou kont leta.

Ou gen dwa pou yon sèl evalyasyon endepandan pou timoun ou an sou kont leta chak fwa lekòl ou a fè yon evalyasyon timoun ou an ke ou pa dakò ak li.

KALIFIKASYON

Kjan yo detèmine kalifikasyon?

Yon fwa ke evalyasyon an fini, kalifikasyon timoun ou an pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo detèmine ansanm pa ou menm ak yon gwoup pwofesyonèl kalifye. Yo ka jwenn timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo ak si timoun ou an satisfè kritè pou youn (1) oswa plis kategori andikap, andikap ki afekte negativman pèfòmans edikasyon timoun ou an, ak bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye pou timoun ou an. Gen trèz (13) kategori andikap ki gen kritè kalifikasyon ki dekri nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware la, yo gen ladann: otis, reta nan devlopman, moun ki soud avèg, andikap emosyonèl, pwoblèm tandè, andikap pou aprann, andikap entelektyèl, lòt pwoblèm sante, pwoblèm diskou ak/oswa langaj, lezyon twomatik nan sèvo, andikap vizyèl tankou avèg ak reta nan diskou lekòl matènèl.

Lekòl la dwe ba ou yon rapò evalyasyon ak dokimantasyon sou kalifikasyon, gratis, pou ajoute diskisyon ekip la sou detèminasyon kalifikasyon an.

PWOGRAM EDIKASYON PÈSONALIZE

Kisa yon IEP ye?

Yon IEP se yon plan ekri ki dekri kijan yo pral bay pwogram edikasyon espesyal timoun ou an ak sèvis ki lye yo nan kèk plasman oswa anviwònman edikatif. Lekòl la dwe bay yon kopi IEP timoun ou an pou ou gratis.

Lekòl la dwe konvoke yon reyinyon ekip IEP a tou pou prepare IEP timoun ou an nan trant (30) jou kalandriye apre detèminasyon kalifikasyon an jwenn timoun ou an bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo. Yon fwa li prepare, IEP a dwe aplike pi vit ke posib, epi revize omwen yon fwa chak ane nan yon reyinyon ekip IEP.

IEP timoun ou an dwe gen ladan yon deskripsyon nivo aktyèl timoun ou an nan pèfòmans akademik ak fonksyonèl, bezwen ansèyman espesifik, sèvis, sipò, ak aranjman, menm jan tou yon eksplikasyon sou kantite tan timoun ou an pa pral patisipe nan klas edikasyon regilye. IEP a dwe genyen tou objektif anyèl ki mezirab.

Lekòl la dwe asire IEP timoun ou an aksesib pou chak pwofesè edikasyon regilye, pwofesè edikasyon espesyal, founisè sèvis ki lye ak nenpòt lòt moun ki responsab pou aplike IEP a.

Lekòl la dwe asire ke chak pwofesè enfòmè sou responsablite espesifik li yo ki gen pou wè ak mete an aplikasyon IEP timoun ou an, ak aranjman espesifik sa yo, modifikasyon ak sipò yo dwe bay timoun ou an.

PLANIFIKASYON TRANZISYON POU LAVI GRANMOUN

Kisa planifikasyon tranzisyon an ye?

Planifikasyon tranzisyon se yon pwosesis pou ede timoun ou an nan tranzisyon soti nan anviwònman lekòl la pou pase nan monn granmoun lan, epi enplike ekip IEP a, paran yo, anplwaye lekòl la, ak anplwaye nan lòt ajans piblik. Planifikasyon tranzisyon an dwe anndan IEP timoun ou a kòmanse nan premye IEP a ki gen pou anvigè lè timoun ou an vin katòz (14) lane, oswa antre nan uityèm (8yèm) ane, oswa nan yon laj pi jèn si ekip IEP timoun ou an detèmine sa apwopriye.

Chak fwa yo pral ajoute planifikasyon tranzisyon an nan IEP timoun ou an, lekòl la dwe bay timoun ou an yon envitasyon alekri pou patisipe nan reyinyon ekip IEP a. Si timoun ou an pa patisipe nan reyinyon ekip IEP a, lekòl la dwe pran mezi pou asire yo konsidere preferans ak enterè timoun ou an.

Eleman kle nan planifikasyon tranzisyon nan IEP a gen ladan:

- (1) Objektif apre segondè ki mezirab, baze sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye ak laj ki gen pou wè ak fòmasyon, edikasyon, travay, ak si apwopriye, konpetans sou lavi endepandan;
- (2) Sèvis ak aktivite tranzisyon yo, sa gen ladann matyè yo, pou ede timoun ou an atenn objektif yo; ak
- (3) Fòs, enterè timoun ou an ak preferans apre segondè ak plan pou fè aplikasyon pou lekòl segondè ak pwogram edikasyon teknik pou karyè.

Lekòl la dwe bay rapò pwogrè regilye sou objektif apre segondè ak sèvis transizyon timoun ou an ki dekri nan IEP a.

TRANSFÈ DWA LÈ LAJ MAJORITE A ATENN

Kisa dwa mwen yo ye lè timoun mwen an atenn dizuit (18) lane?

Lè timoun ou an rive nan laj dizuit (18), tout dwa nan kad lwa edikasyon espesyal la pral transfere bay elèv granmoun ou an, sof si yon tribinal nonmen yon responsab moun nan pou elèv granmoun ou an oswa ekip la IEP te detèmine elèv la pa gen kapasite pou pran desizyon edikatif avize. Lekòl la dwe notifiye ou ak elèv granmoun ou an lè transfè dwa rive omwen yon (1) pane anvan timoun ou an atenn laj dizuit (18) lane.

Kisa k ap rive si elèv granmoun mwen an manke kapasite pou pran desizyon edikatif?

Yon elèv granmoun ki gen yon andikap, san li pa gen yon responsab tribinal nonmen pou moun nan, yo sipoze ke li gen kapasite epi jwenn dwa yon paran lè li atenn laj dizuit (18) lane. Se ekip IEP a ki fè detèminasyon kapasite a. Si kapasite elèv la pa sèten, yon sikològ lekòl la ki abitye avèk elèv la dwe patisipe nan premye reyinyon an, epi yo dwe envite elèv la ak paran an pou patisipe. Ekip IEP a ka konsidere enfòmasyon ki soti nan lòt sous ki pa kote pèsonèl lekòl la, e li ka otorize

evalyasyon si sa nesesè. Si enfòmasyon an pa klè, tout benefis dout la pral rezoud an favè pou jwenn elèv la gen kapasite.

Si ekip IEP a detèmine elèv la manke kapasite, ekip IEP a dwe mande yon moun pou sèvi kòm reprezantan edikatif elèv la epi kòmanse avèk yon paran byolojik oswa adoptif ki dispoze epi ki disponib, oswa yon manm fanmi ki dispoze epi ki disponib. Si yo pa idantifye yon moun konsa, ekip IEP a dwe fè yon referans bay Depatman an pou nonmen yon reprezantan edikatif. Si elèv la oswa paran an pa dakò avèk detèminasyon sou kapasite a, nenpòt nan yo ka konteste detèminasyon nan swiv opsyon rezolisyon kontestasyon ki dekri nan garanti pwosedi yo.

AKSÈ AK DOSYE EDIKATIF

Èske mwen ka egzamine dosye edikatif timoun mwen an?

Ou gen dwa pou enspekte ak revize tout dosye edikatif timoun ou an san reta ki pa nesesè, sa gen ladann anvan yon reyinyon sou IEP timoun ou an, anvan yon odyans pou pwosè lekòl, ak anvan yon reyinyon rezolisyon. Lekòl la pral kite swa paran an wè dosye yo amwenske gen yon òdonans tribinal apwopriye ki te bay lekòl la ki mande pou fè otreman.

Ou gen dwa sa yo konsè dosye edikatif timoun ou an:

- (1) Sou demann, lekòl la dwe di ou ki kalite dosye ki kolekte, konsève oswa itilize konsènan timoun ou an, ak ki kote dosye yo konsève.
- (2) Ou dwe otorize pou revize dosye sa yo anvan IEP a oswa nenpòt lòt reyinyon kote idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikatif timoun ou an se yon pwoblèm, oswa anvan yon odyans.
- (3) Lekòl la dwe otorize ou revize dosye yo byen rapid, epi nan okenn kondisyon, pa plis pase karant senk (45) jou kalandriye apre ou fin mande pou wè yo.
- (4) Lè ou mande enfòmasyon nan dosye yo, lekòl la ka pa chaje frè pou chèche dosye yo.
- (5) Lekòl la dwe bay yon eksplikasyon sou enfòmasyon yo ki nan dosye yo, si ou mande sa.
- (6) Lè yo mande kopi dosye yo, yo dwe bay nan yon kou ki rezonab.
- (7) Lekòl la pa dwe refize bay kopi dosye yon elèv si refize a ka anpeche ou jwenn aksè nan dosye yo.
- (8) Lekòl la ka pa otorize ou wè enfòmasyon sou okenn lòt elèv sof pou timoun ou an.
- (9) Ou ka otorize yon lòt moun revize dosye timoun ou an nan non ou.
- (10) Si ou jwenn yon erè nan dosye timoun ou an, ou ka mande lekòl la pou chanje enfòmasyon an epi ajoute yon deklarasyon nan dosye yo ki dekri dezakò a. Lekòl la dwe pran yon desizyon sou demann ou nan yon tan ki rezonab. Si lekòl la refize chanje dosye yo jan ou

mande a, li dwe di ou sa epi enfòmè ou ke ou gen dwa pou jwenn yon odyans pou konteste dosye yo.

- (11) Lekòl la dwe kenbe yon dosye pati ki jwenn aksè ak dosye edikatif timoun ou an, sa gen ladann non pati a, dat li te jwenn aksè a, ak rezon ki fè pati a otorize pou itilize dosye yo.
- (12) Sof pou kèk eksepsyon, lekòl la dwe jwenn konsantman ou anvan li divilge enfòmasyon ki ka idantifye timoun ou an.
- (13) Lekòl la dwe enfòmè ou lè gen enfòmasyon idantifyab ki te kolekte, konsève, oswa itilize ki pa nesèsè ankò pou bay sèvis edikatif pou timoun ou an. Enfòmasyon an dwe detwi sou demann ou. Sepandan, yon dosye pèmanan ki gen non, adrès, ak nimewo telefòn timoun ou an, nòt li, dosye prezans, klas li te patisipe, nivo lekòl li fini, ak ane li fini ka konsève san limit nan tan.

Enfòmasyon anplis sou kijan lekòl yo konsève dosye elèv ak sou dwa elèv ak paran yo nan kad Lwa 1974 sou Dwa Edikatif ak Vi Prive Fanmi yo (FERPA) disponib nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware la.

MEDYASYON

Èske mwen ka mande medyasyon pou rezoud konfli mwen avèk lekòl la?

Wi. Depatman an ofri medyasyon pou ede ou rezoud konfli yo avèk lekòl la konnsènan dispozisyon edikasyon espesyal pou timoun ou an. Depatman an pral ba ou enfòmasyon sou sèvis medyasyon yo.

Depatman an prepare yon fòm demann medyasyon pou paran yo ranpli lè y ap mande sèvis medyasyon nan men Depatman an. Yon kopi fòm demann medyasyon pou edikasyon espesyal la tache nan do a nan Avi sa a.

Medyasyon se yon fason volontè pou rezoud konfli epi se yon moun kalifye ak san pati pri ki fòmè nan estrateji ki pral ede moun yo jwenn yon akò pou pwoblèm difisil yo. Medyasyon an bay paran ak lekòl yo opòtinite pou rezoud mezantant yo epi elabore yon solisyon akseptab nan yon kontèks eklere ki pa akize pèsòn. Medyasyon an bay gratis, men ni paran ni lekòl la dwe dakò pou eseye medyasyon an anvan yo fè tantativ la. Medyasyon an ka *pa* itilize pou retade dwa ou pou yon odyans pou pwosè lekòl.

Medyasyon an ap pwograme nan yon fason konvnan epi ap fèt nan yon kote ki bon pou ou ak lekòl la. Ou gen dwa pou gen yon moun ou chwazi ki akonpaye ak konseye ou nan medyasyon an. Si yon lekòl enplike nan medyasyon, li dwe voye yon reprezantan distri a ki gen otorite pou pran desizyon ak angaje resous pou sèvis yo dakò sou yo. Diskisyon ki fèt pandan medyasyon yo konfidansyèl epi yo pa kapab itilize nan okenn odyans pou pwosè lekòl oswa pwosedi sivil alavni nan okenn tribinal federal oswa tribinal Delaware.

Si ou rezoud kontestasyon an atravè medyasyon, paran yo ak lekòl la dwe siyen yon akò ki gen fòs legal ki dekri rezolisyon an, epi mansyone tout diskisyon yo ki te rive nan medyasyon an pral rete

konfidansyèl e pa ka itilize kòm prèv nan yon odyans pou pwosè lekòl. Yon akò medyasyon ki siyen aplikab nan nenpòt tribinal eta jiridiksyon ki konpetan pou sa oswa nan yon Tribinal Distri nan Etazini.

Depatman an te etabli yon sistèm medyasyon volontè atravè Pwogram Rezolisyon Konfli Inivèsite Delaware la. Depatman an ofri medyasyon nan ka ki pa kote yon plent pou pwosè lekòl te depoze. Ou gen dwa pou mande medyasyon pou rezoud yon mezantant avèk lekòl la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Special Education Partnership for the Amicable Resolution of Conflict (SPARC), nan Conflict Resolution Program, 177 Graham Hall, Institute for Public Administration, University of Delaware, Newark, Delaware 19716, (302) 831-8158.

ODYANS POU PWOSE LÈKÒL

Kisa yon odyans pou pwosè lekòl ye?

Ou gen dwa pou mande yon odyans pou pwosè lekòl (due process hearing) san patipri konsènan idantifikasyon, evalyasyon ak plasman edikatif timoun ou an, oswa dispozisyon yon edikasyon gratis ak apwopriye pou timoun ou an. Distri lekòl ak lekòl piblik endepandan yo ka mande odyans tou.

Kijan pou mwen mande yon odyans?

Ou dwe depoze yon plent alekri pou pwosè lekòl. Plent lan dwe gen ladann:

- (1) Non timoun ou an;
- (2) Adrès kote timoun ou an rete;
- (3) Non lekòl timoun ou an fè pati;
- (4) Si timoun ou an se yon timoun oswa jèn sanzabri, enfòmasyon kontak timoun ou an ak non lekòl timoun nan;
- (5) Yon deskripsyon nati pwoblèm nan, sa gen ladann fè ki relate pwoblèm nan; ak
- (6) Yon solisyon ki pwopoze pou pwoblèm nan nan mezi ou konnen ak ki disponib pou ou.

Plent pou pwosè lekòl la dwe depoze nan de (2) lane apati dat ou te konnen oswa te dwe konnen sou aksyon ki afime a ki kreye baz pou plent pou pwosè lekòl a. Sepandan, kondisyon sa pa aplikab si ou pa ta ka depoze yon plent pou pwosè lekòl nan entèval tan sa paske:

- (1) Lekòl la mal entèprete ke li te rezoud pwoblèm nan ki kreye baz pou plent la; oswa
- (2) Lekòl la te kenbe enfòmasyon ki te nesèsè pou ba ou dapre IDEA a.

Se ou menm, responsab legal timoun nan oswa konseye jiridik la ki dwe siyen plent la. Plent lan dwe livre an pèsòn, pa lapòs, oswa fakse nan:

Sekretè Edikasyon
Delaware Department of Education
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654

Depatman an pa aksepte plent pou pwochè lekòl pa imèl.

Ou dwe tou voye yon kopi plent pou pwochè lekòl la nan lekòl la an menm lè ou voye li bay Sekretè Edikasyon an. Depatman an te prepare yon fòm pou ede paran yo ranpli yon plent pou pwochè lekòl. Yon kopi Fòm Plent pou Pwochè Lekòl a ak Demann pou Odyans pou Pwochè Lekòl la tache nan do Avi sa a.

Ou pa ka soulve pwoblèm nan odyans pou pwochè lekòl la ki pa mansyone nan plent pou pwochè lekòl ou a (amwenske lekòl la dakò).

Lè Sekretè Edikasyon an resevwa yon plent pou pwochè lekòl, yo pral nonmen yon komite odyans (oswa yon sèl ofisye odyans nan ka odyans akselere) epi yo pral di w ki moun ki te nonmen. Sekretè Edikasyon an ap bay tou enfòmasyon sou asistans jiridik ki pa koute chè, disponiblite medyasyon an, ak yon kopi Garanti Pwosedi Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal.

E si plent pou pwochè lekòl mwen an pa gen tout enfòmasyon nesèsè yo ladann?

Pou ka gen yon odyans pou pwochè lekòl, plent pou pwochè lekòl ou a dwe gen tout enfòmasyon ki endike anwo a. Plent lan ap konsidere sifizan amwenske lekòl la avèti ou menm ak komite odyans lan alekri, nan kenz (15) jou kalandriye apati lè li resevwa plent lan, ke li pa gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

Nan senk (5) jou kalandriye apre resepsyon avi lekòl la, komite odyans la dwe deside si plent pou pwochè lekòl ou a gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo, epi avize ou menm ak lekòl la imedyatman.

Konbyen tan yon odyans pou pwochè lekòl pran?

Odyans pou pwochè lekòl la a dwe fèt ak yon desizyon dwe pran pa pita pase karant-senk (45) jou kalandriye apre ekspirasyon trant (30) jou kalandriye peryòd rezolisyon an oswa peryòd tan ki te ajiste, diskite nan plis detay anba a.

Anplis de sa, komite odyans lan, pou bon rezon, kapab akòde pwolongasyon espesifik nan tan sou demann ou menm oswa lekòl la.

Èske mwen ka pote chanjman nan plent pou pwose lekòl mwen an apre mwen fin depoze li?

Ou ka pote chanjman nan plent pou pwose lekòl ou a sèlman si:

- (1) Lekòl la apwouve chanjman yo alekri epi jwenn opòtinite pou rezoud plent pou pwose lekòl la atravè yon reyinyon rezolisyon; oswa
- (2) Pa pita pase senk (5) jou kalandriye anvan odyans pou pwose lekòl la kòmanse, komite odyans la ba ou pèmisyon pou fè chanjman yo.

Si ou fè chanjman nan plent pou pwose lekòl ou a, delè pou reyinyon rezolisyon an ak peryòd rezolisyon an (diskite anba a) kòmanse ankò nan dat yo depoze plent lan.

Èske lekòl oblije reponn plent pou pwose lekòl mwen an?

Si lekòl la pa te deja voye avi alekri alavans ba ou konsènan pwoblèm yo nan plent ou a, lekòl la dwe, nan entèval dis (10) jou kalandriye apati lè li fin resevwa plent ou a, voye ba ou yon repons ki gen ladann:

- (1) Yon eksplikasyon sou rezon ki fè lekòl la pwopoze oswa refize pran aksyon ki te soulve nan plent pou pwose lekòl la;
- (2) Yon deskripsyon sou lòt opsyon ekip IEP a te konsidere ak rezon ki fè opsyon sa yo te rejte;
- (3) Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, egzaminasyon, dosye oswa rapò lekòl la itilize kòm baz pou aksyon pwopoze oswa refize a; ak
- (4) Yon deskripsyon lòt faktè ki gen enpòtan pou aksyon lekòl la ki pwopoze oswa refize a.

Kisa dwa mwen pou pwose lekòl la ye?

Lè ou mande yon odyans pou pwose lekòl, ou gen dwa pou:

- (1) Gen yon odyans jis ak san patipri anvan Depatman an deziyen yon komite odyans ki gen twa (3) manm (oswa yon sèl ofisye odyans nan kas odyans akselere).
- (2) Gen yon avoka ki reprezante oswa akonpaye ak konseye pa moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon sou timoun ki gen andikap.
- (3) Bay prèv pa ou epi konfwonte ak kont entèwoje temwen ki temwaye kont ou.
- (4) Temwen yo dwe prezan.
- (5) Entèdi prezante prèv (ki gen ladann temwayaj temwen) nan odyans la amwenske li te divulge ba ou omwen senk (5) jou ouvrap anvan odyans lan.

- (6) Te pale ou sou evalyasyon yo ak rekòmandasyon ki dekoule yo ki te fini omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans la..
- (7) Resevwa yon dosye alekri oswa elektwonik sou odyans lan sou kont leta.
- (8) Resevwa yon desizyon alekri oswa yon desizyon elektwonik nan men komite odyans lan oswa ofisye a.
- (9) Fè timoun ou an prezan nan odyans lan.
- (10) Fè odyans lan louvri oswa fèmen pou piblik la.
- (11) Fè odyans lan fèt nan yon lè ak kote ki rezonab bon pou ou ak timoun ou an.

Èske plasman timoun mwen an chanje pandan pwosè yo?

Eksepte jan sa dekri anba a, yon timoun ki patisipe nan nenpòt odyans pou pwosè lekòl oswa pwosè jidisyè konsènan yon plent pou pwosè lekòl dwe rete nan plasman edikatif aktyèl li a sòf si ou menm ak lekòl la dakò sou yon lòt aranjman. Yo souvan rele sa règ rete menm kote a (stay put). Si plent pou pwosè lekòl la a enplike premye admisyon nan yon lekòl piblik, y ap mete timoun ou an nan yon pwogram lekòl piblik avèk konsantman ou jiskaske tout pwosedi yo fini.

Si plent pou pwosè lekòl la enplike yon aplikasyon pou sèvis inisyal yo nan kad Pati B IDEA yon timoun k ap fè tranzisyon soti anba kondisyon Pati C IDEA pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C yo paske timoun nan te vin gen twa (3) lane lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C yo timoun nan t ap resevwa a. Si yo jwenn timoun nan kalifye nan Pati B IDEA a epi ou bay konsantman pou timoun nan resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo pou premye fwa, ansuit, mete an atant rezilta pwosè yo, lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo ki pa an kontestasyon (sa vle di, sa yo ke ou menm ak lekòl la antann sou yo).

Finalman, si komite odyans la dakò avèk ou ke yon chanjman nan plasman an apwopriye, nouvo plasman an pral trete kòm si li te youn ou menm ak lekòl la te dakò pou rezon ki mande deside plasman edikatif timoun ou an pandan nenpòt pwosè ki gen pou wè tribinal.

Kisa yon reyinyon rezolisyon ye?

Nan kenz (15) jou kalandriye apre resepsyon avi sou plent pou pwosè lekòl ou a, lekòl la dwe konvoke yon reyinyon rezolisyon. Yon reyinyon rezolisyon se yon reyinyon ant ou menm ak lekòl la konsènan plent pou pwosè lekòl la. Li ba ou yon opòtinite pou diskite sou plent ou a avèk lekòl la, epi li bay lekòl la yon chans pou rezoud konfli ou a.

Reyinyon rezolisyon an dwe gen ladann ou menm ak manm ki enpòtan nan ekip IEP timoun ou an ki gen konesans espesifik sou reyalyte yo ki idantifye nan plent pou pwosè lekòl ou a. Ou menm ak lekòl la detèmine manm ki enpòtan yo nan ekip IEP a pou patisipe nan reyinyon an. Sepandan, reyinyon an dwe gen ladann yon distri lekòl oswa yon reprezantan lekòl piblik endepandan ki gen otorite pou pran desizyon nan non distri lekòl la oswa lekòl piblik

endepandan an. Reyinyon an gen dwa pa enkli avoka lekòl la sof si ou gen yon avoka ki akonpaye ou.

Ou menm ak lekòl la dwe patisipe nan reyinyon rezolisyon an sof si:

- (1) Ou menm ak lekòl la dakò alekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an; oswa
- (2) Ou menm ak lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an ke Pwogram Rezolisyon Konfli Patenarya Edikasyon Espesyal nan Inivèsite Delaware pou Pwogram Rezolisyon Konfli Amikal (SPARC) la ofri.

Kisa peryòd rezolisyon an ye?

Si ou menm ak lekòl la dakò pou patisipe nan reyinyon rezolisyon an, y ap sispann delè karant-senk (45) jou kalandriye a pou bay tou de pati yo yon chans rezoud konfli a. Si, sepandan, lekòl la pa te rezoud plent pou pwosè lekòl la nan satisfaksyon ou nan trant (30) jou kalandriye apati resepsyon li, delè karant-senk (45) jou kalandriye a rekòmanse epi odyans pou pwosè lekòl la ka fèt. Peryòd trant (30) jou kalandriye a refere kòm peryòd rezolisyon an.

Kisa k ap rive si mwen pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an?

Si ou menm ak lekòl la pa te dakò pou anile reyinyon rezolisyon an oswa pou itilize medyasyon olye de sa, pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an pral retade delè pou odyans pou pwosè lekòl la. Si lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon ou nan reyinyon rezolisyon an apre li fin fè efò rezonab pou fè sa, lekòl la kapab, nan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a, mande pou komite odyans lan rejte plent pou pwosè lekòl la.

Sinon, si ou menm ak lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon rezolisyon an, lè sa a delè karant-senk (45) jou kalandriye a pou odyans pou pwosè lekòl la kòmanse nan demen.

Aprè kòmansman medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an, men anvan fen trant (30) jou kalandriye peryòd rezolisyon an, si ou menm ak lekòl la dakò alekri ke pa gen okenn akò posib, lè sa a delè karant-senk (45) jou kalandriye a pou odyans pou pwosè lekòl la kòmanse nan demen.

Si ou menm ak lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an nan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a, tou de pati yo ka dakò alekri pou kontinye medyasyon an jiskaske yo rive jwenn yon akò. Sepandan, si swa oumenm oswa lekòl la soti nan pwosesis medyasyon an, lè sa a delè karant senk (45) jou kalandriye a pou odyans pou pwosè lekòl la kòmanse nan demen.

E si lekòl la pa rive fè reyinyon rezolisyon an?

Si lekòl la pa rive fè reyinyon rezolisyon an nan kenz (15) jou kalandriye apati resepsyon avi sou plent pou pwosè lekòl ou a, ou ka mande komite odyans la pou òdone delè karant-senk (45) jou kalandriye a kòmanse.

Si ou menm ak lekòl la rezoud konfli ou a nan reyinyon rezolisyon an, ou menm ak lekòl la dwe devlope yon akò ki gen fòs legal ki:

- (1) Siyen pa ou menm ak yon distri lekòl oswa yon reprezantan lekòl piblik endepandan ki gen otorite pou kontrenn distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan an; ak
- (2) Aplikab nan nenpòt tribinal jiridiksyon konpetan nan Delaware oswa nan yon tribinal distri Etazini.

Nenpòt pati ka; sepandan, anile akò a nan twa (3) jou ouvrap apre yo fin siyen li.

Kisa desizyon sou odyans pou pwosè lekòl la pral gen ladann?

Desizyon odyans pou pwosè lekòl la dwe gen ladan rezilta fè yo ak konklizyon lalwa. Anplis de sa, desizyon komite odyans lan sou si timoun ou an te resevwa yon edikasyon piblik gratis e apwopriye dwe baze sou rezon solid. Si ou te afime lekòl la vyole kondisyon pwosedi IDEA yo, komite odyans lan ka jwenn ke timoun ou an pa te resevwa yon edikasyon piblik gratis e apwopriye, men sèlman si vyolasyon pwosedi yo:

- (1) Anpeche dwa timoun ou an pou yon edikasyon piblik gratis e apwopriye;
- (2) Anpeche anpil opòtinite ou pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan dispozisyon yon edikasyon piblik gratis e apwopriye pou timoun ou an; oswa
- (3) Te lakòz yon mank nan avantaj edikatif yo.

Èske desizyon nan odyans pou pwosè lekòl la ka konteste?

Wi. Delaware se yon eta yon nivo epi ofri yon sèl nivo revizyon administratif, komite odisyon pou pwosè lekòl la oswa ofisye odyans lan te fè. Desizyon odyans lan final epi li obligatwa pou tout pati yo amwenske li fè konteste nan depoze yon aksyon sivil nan Tribinal Distri Etazini oswa nan Tribinal pou Fanmi nan Eta Delaware. Ou dwe depoze nenpòt kontestasyon devan tribinal la nan lespas katrevendis (90) jou kalandriye apati dat desizyon final la. Tribinal yo oswa yon avoka ka ba ou plis enfòmasyon sou fason pou lanse yon aksyon sivil.

Kiyès k ap peye pou frè avoka mwen yo?

Nan nenpòt ki aksyon oswa pwosedi konsènan odyans pou pwosè lekòl, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay frè avoka rezonab kòm yon pati nan depans sa yo pou ou tankou yon paran yon timoun ki gen yon andikap, si ou se pati a ki dominan an. Frè yo dwe baze sou tarif ki dominan nan kominote kote aksyon ki te sòlve pou kalite sèvis ki te bay yo. Frè yo ka diminye si:

- (1) Tribinal la jwenn ke ou menm oswa avoka ou retade san rezon rezolisyon final konfli a;
- (2) Frè pa lè avoka ou a depase pousantaj dominan nan kominote a pou travay ki tankou sa;
- (3) Tan sa pran a ak sèvis jiridik yo te twòp; oswa
- (4) Avoka ou pa te bay enfòmasyon apwopriye nan avi demann pou pwosè lekòl.

Frè yo p ap diminye; sepandan, si tribinal la jwenn eta a oswa lekòl la retade san rezon rezolisyon aksyon an oswa te gen yon vyolasyon nan seksyon garanti pwosedi IDEA yo.

Frè avoka yo pa ka bay pou okenn reyinyon ekip IEP amwenske reyinyon an fèt akòz yon odyans pou pwosè lekòl oswa yon aksyon jidisyè. Yon reyinyon rezolisyon pa konsidere kòm yon reyinyon ki konvoke kòm yon rezilta yon odyans pou pwosè lekòl oswa aksyon jidisyè. Frè avoka yo ka refize tou si ou rejte yon òf pou yon akò rezonab ke lekòl la te fè omwen dis (10) jou kalandriye anvan odyans lan kòmanse epi desizyon odyans lan pa pi favorab pase òf akò a.

Kiyès k ap peye pou frè avoka lekòl la?

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi konsènan odyans pou pwosè lekòl la, tribinal la, jan li jije sa bon, ka bay frè avoka ki rezonab pou lekòl dominan an oswa eta a pou peye avoka ou a si:

(1) Avoka ou a te depoze yon plent oswa aksyon jidisyè ki sipèfisyèl, san rezon, oswa san fondasyon; oswa

(2) Avoka ou a kontinye plede apre litij la te byen parèt sipèfisyèl, san rezon, oswa san fondasyon.

Tribinal la kapab tou bay frè avoka rezonab pou lekòl dominan an oswa eta a, pou peye ou menm oswa avoka ou, si tribinal la jwenn demann ou pou yon odyans pou pwosè lekòl oswa yon aksyon jidisyè ki vin apre te prezante pou nenpòt ki rezon pa kòrèk, tankou pou anmède, lakòz reta nesèsè, oswa pou ogmante san nesèsite depans pwosè yo.

PWOSEDI POU PLENT ETA

Èske gen lòt fason pou rezoud konfli sou edikasyon timoun mwen an?

Wi. Anplis de odyans pou pwosè lekòl ak medyasyon, Depatman an pral envestige epi rezoud plent yo ki vyole vyolasyon Pati B IDEA a. Nenpòt moun oswa òganizasyon kapab depoze plent eta yo. Depatman an tou dwe rezoud plent ki di ke yon lekòl te echwe pou pou swiv yon desizyon ke yon komite odyans pou pwosè lekòl oswa yon ofisye odyans te pran.

Ki diferans ki genyen ant pwosedi plent pou odyans pou pwosè lekòl ak plent pou eta?

Règleman IDEA ak Depatman Edikasyon yo etabli pwosedi separe pou plent eta a ak plent pou pwosè lekòl ak odyans. An jeneral, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent eta ki endike yon vyolasyon Pati B IDEA a oswa Règleman Depatman Edikasyon an. Sepandan, sèlman ou menm oswa yon lekòl ka depoze yon plent pwosè lekòl sou nenpòt bagay ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif yon timoun ki gen yon andikap, oswa dispozisyon yon edikasyon piblik gratis e apwopriye pou yon timoun.

Anplis de sa, Depatman an dwe rezoud yon plent eta nan yon delè swasant (60) jou kalandriye. Sepandan, yon komite odyans pou pwosè lekòl dwe tande yon plent pou pwosè edikatif epi bay

yon desizyon alekri nan yon delè karant-senk (45) jou kalandriye (apre ekspirasyon peryòd trant (30) jou kalandriye rezolisyon an).

Kijan mwen ka depoze yon plent eta?

Plent yo dwe alekri, pleyan an dwe siyen yo, epi gen ladann:

- (1) Yon deklarasyon ki di lekòl la (oswa nenpòt ki lòt ajans piblik) te vyole yon kondisyon Règleman IDEA oswa Depatman Edikasyon Delaware konsènan edikasyon timoun ki gen andikap;
- (2) Reyalite yo ke deklarasyon an baze sou yo;
- (3) Siyati ak enfòmasyon kontak pleyan an, ak reprezantan legal, si genyen, oswa moun ki reprezante yon ajans piblik oswa òganizasyon prive ki depoze yon plent;
- (4) Si vyolasyon ki afime yo gen rapò ak yon timoun espesifik:
 - (a) Non timoun lan ak adrès kote li rete;
 - (b) Non lekòl timoun nan fè pati a;
 - (c) Nan ka yon timoun oswa jèn sanzabri, enfòmasyon kontak pou timoun nan ak non lekòl timoun nan fè pati a;
 - (d) Yon deskripsyon nati pwoblèm timoun nan, ki gen ladann enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm lan;
 - (e) Yon rezolisyon pwopoze pou pwoblèm nan nan mezi yo konnen li ak li disponib pou pati ki depoze plent lan nan moman li depoze; ak
 - (f) Yon deskripsyon sou tantativ yo te fè pou rezoud pwoblèm yo anvan yo depoze plent lan, si pleyan an vle bay enfòmasyon sa yo. (Remak, Depatman an pral kontinye ak investigasyon an si pleyan an refize bay enfòmasyon sa yo).

Plent yo dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon (1) lane anvan dat Depatman an te resevwa plent la. Plent lan dwe livrez an pèsòn, pa lapòs, oswa fakse nan:

Mary Ann Mieczkowski
Direktris, Exceptional Children Resources
Delaware Department of Education
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Faks (302) 739-2388

Depatman an pa aksepte plent eta pa imèl.

Depatman an te prepare yon fòm pou ede paran yo depoze yon plent. Yon kopi fòm plent Eta Edikasyon pou Espesyal lan tache nan do Avi sa a.

Pleyan an dwe voye yon kopi plent lan bay lekòl la oswa lòt ajans piblik k ap sèvi timoun nan menm lè plent lan ale jwenn Depatman an.

Kijan Depatman an jere plent eta mwen an?

Lè Depatman an resevwa yon plent, li pral:

- (1) Fè yon investigasyon endepandan, ki gen ladann yon investigasyon sou plas, si li detèmine ke youn nesèsè.
- (2) Bay pleyan an opòtinite pou li soumèt enfòmasyon anplis, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon yo nan plent lan.
- (3) Bay lekòl la opòtinite pou reponn plent lan, ki gen ladann chans pou fè yon pwopozisyon pou rezoud plent lan, ak yon opòtinite pou pleyan an ak lekòl la dakò pou angaje yo nan medyasyon.
- (4) Revize tout enfòmasyon ki enpòtan epi fè yon detèminasyon endepandan sou si lekòl la vyole IDEA a oswa Règleman Depatman Edikasyon Delaware.
- (5) Pibliye yon desizyon alekri pleyan an ki abòde chak akizasyon nan plent lan epi ki gen ladan rezilta reyalyite ak konklizyon yo, ak rezon ki fè yo pran desizyon final li a.

Depatman an dwe fini investigasyon li an epi bay desizyon alekri li nan swasant (60) jou kalandriye. Depatman an ka pèmèt yon pwolongasyon tan si genn sikonstans eksepsyonèl ki jistifye yon tan ki pi long, oswa pleyan an ak lekòl la dakò pou yon pwolongasyon tan rezoud pwoblèm nan atravè medyasyon oswa lòt mwayen. Si Depatman an detèmine ke lekòl la pa te bay sèvis apwopriye, Depatman an dwe abòde kòman pou li korije refi sèvis yo ak kijan pou asire dispozisyon sèvis apwopriye alavni pou tout timoun ki gen andikap.

Sistèm odyans pou pwosè lekòl ak pwosedi plent eta yo a *pa* mityèlman eksklizif. Ou ka itilize swa pwosedi pou plent eta a oswa sistèm odyans pou pwosè lekòl pou rezoud konfli sou edikasyon timoun ou an. Si Depatman an resevwa yon plent eta ki deja sijè ak yon odyans pou pwosè lekòl, Depatman an dwe mete sou kote pati plent lan ki te abòde nan odyans pou pwosè lekòl jiskaske odyans lan fini. Nan ka sa a, desizyon odyans lan pral lye ak investigasyon Depatman an. Si yon plent gen kèk pwoblèm ki te abòde nan odyans pou pwosè lekòl a ak kèk ki pa sa, Depatman an dwe kontinye investigasyon li yo sou sa ke yo pa te konsidere nan pwosedi pwosè yo. Anplis de sa, Depatman an kapab rezoud yon plent eta ki deklare echèk yon lekòl pou aplike yon desizyon odyans pou pwosè lekòl.

PWOSEDI POU DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO

Èske yo ka sispann oswa ekspilse timoun mwen an?

Wi. Timoun ki gen andikap ka sispann, ekspilse, oswa plase nan lòt anviwònman pwovizwa altènatif oswa lòt anviwònman nan menm nivo opsyon sa yo t ap itilize pou timoun ki pa gen andikap, men sijè a règleman ak kondisyon espesyal. Ou gen dwa pou reponn a kèk mezi aksyon disiplinè ki pran avèk timoun ou an.

Administratè lekòl yo ka retire yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd konduit nan plasman edikatif li ye kounye a epi deplase timoun nan ale nan yon anviwònman edikatif apwopriye altènatif ki pwovizwa osi lontan konpòtman an pa yon manifestasyon andikap timoun nan.

Èske timoun mwen an ap resevwa sèvis pandan yon sispannyon oswa ekspilasyon nan lekòl?

Lekòl la ka retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman edikatif aktyèl timoun nan pou yon total dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl san yo pa bay sèvis edikatif.

Sinon, si yo retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman edikatif li pou plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl, lekòl la dwe bay sèvis pandan nenpòt ki jou ki vin apre yo te retire li ki pral pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la (byen ke se nan yon lòt anviwònman) epi pou pwogrese pou atenn objektif IEP timoun nan. Si retire li a se yon chanjman nan plasman pou rezon disiplinè, ekip IEP timoun nan detèmine sèvis ki apwopriye ki nesèsè yo. Lekòl la dwe bay, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtmantal ak modifikasyon ki fèt pou abòde konpòtman an pou li pa rive ankò.

Kisa yon chanjman nan plasman pou rezon disiplinè ye?

Yon chanjman nan plasman fèt si:

- (1) Yo retire timoun lan pou plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt nan yon ane lekòl; oswa
- (2) Timoun nan te sibi yon seri ranvwa ki konstitye yon modèl paske:
 - (a) Seri ranvwa yo bay yon total plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl;
 - (b) Konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman timoun nan nan ensidan anvan ki lakòz seri ranvwa yo; ak
 - (c) Faktè adisyonèl sa yo tankou dire chak ranvwa, kantite total tan timoun nan te ranwaye, ak pwoksimite nan ranvwa yo genyen youn ak lòt; oswa
- (3) Timoun nan te sibi yon seri ranvwa nan lekòl ki totalize plis pase dis (10) jou lekòl e li anpeche timoun nan atenn objektif ki etabli nan IEP a, pwogrese nan kourikoulòm jeneral (byenke se nan yon lòt anviwònman), epi resevwa sèvis ak modifikasyon sa yo ki dekri nan IEP a; oswa

(4) Timoun nan te sibi yon seri ranvwa nan transpò ki lakòz absans timoun nan nan lekòl pou plis pase dis (10) jou lekòl.

Si yon modèl ranvwa konstitye yon chanjman nan plasman detèmine sou yon baz ka pa ka.

Ki etap lekòl la dwe pran pou chanje plasman timoun mwen an pou rezon disiplinè?

Si lekòl la deside chanje plasman edikatif timoun ou an pou rezon disiplinè, lekòl la dwe fè ou konnen desizyon li pran an, ba ou yon kopi Garanti pwosedi Delaware ak Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal, epi fè yon reyinyon ekip pou detèmine si move konpòtman timoun ou an se te yon manifestasyon andikap li a. Yo konsidere sa kòm yon detèminasyon manifestasyon. Reyinyon an dwe fèt imedyatman, si sa posib, oswa nan dis (10) jou lekòl apati desizyon an pou pran kalite aksyon disiplinè sa a. Lekòl la, paran timoun nan, ak manm ki enpòtan nan ekip IEP timoun nan dwe ale nan reyinyon detèminasyon manifestasyon an. Manm ekip yo dwe revize tou tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye timoun ou an, ki gen ladan IEP a, nenpòt obsèvasyon pwofesè, ak nenpòt enfòmasyon ki enpòtan ou te bay.

Kisa ki rive nan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon?

Manm ekip yo dwe reponn de (2) kesyon:

- (1) Èske ensidan konpòtmantal ki te rive akòz, oswa gen yon relasyon konnsiderab ak dirèk avèk, andikap timoun ou an?
- (2) Èske ensidan konpòtman an se te rezilta dirèk echèk lekòl la pou aplike IEP a?

Si ekip la reponn wi pou nenpòt nan kesyon yo, ensidan konpòtmantal la dwe konsidere kòm yon manifestasyon andikap timoun ou an.

Si ekip la detèmine konpòtman an se te rezilta dirèk echèk lekòl la pou aplike IEP a, lekòl la dwe pran aksyon imedyat pou korije mank sa yo.

E si ensidan konpòtmantal la se te yon manifestasyon andikap timoun mwen an?

Si ekip la detèmine ensidan konpòtmantal la se te yon manifestasyon andikap timoun ou an, ekip la dwe swa:

- (1) Fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl (sof si lekòl la deja fè youn anvan konpòtman an te rive) epi aplike yon plan entèkansyon konpòtman pou timoun ou an; oswa
- (2) Si yon plan entèkansyon konpòtman te deja prepare, revize plan an, epi modifye li, jan sa nesèsè, pou abòde konpòtman an.

Eksepte jan sa dekri nan Èske gen sikonstans espesyal sou lè yo ka mete timoun mwen an nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa?, lekòl la dwe retounen timoun ou an nan plasman yo te retire li a, sof si ou menm ak lekòl la dakò pou yon lòt plasman.

E si ensidan konpòtmantal la se pa te yon manifestasyon andikap timoun mwen an?

Si ensidan konpòtmantal la se pa te yon manifestasyon andikap timoun ou an, lekòl la ka aplike menm pwosedi disiplinè a pou timoun ou an nan menm fason an ak pou menm dire a jan sa t ap ye pou timoun ki pa gen andikap, ki gen ladan sispansyon ak ekspilasyon.

Èske gen sikonstans espesyal sou lè yo ka mete timoun mwen an nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa?

Wi, lè konpòtman an enplike posasyon dwòg oswa zam, oswa lakòz blezi kòporèl grav. Yon lekòl kapab retire yon timoun ki gen andikap nan yon plasman edikatif altènatif ki apwopriye lè: (1) timoun nan pote yon zam nan lekòl la, oswa li gen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon fonksyon anba otorite lekòl la oswa eta a; (2) yo konnen timoun nan posede oswa sèvi ak dwòg ilegal, oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans ki sou kontwòl, pandan li nan lekòl la, oswa yon fonksyon anba otorite lekòl la oswa eta a; oswa (3) timoun nan lakòz aksidan fizik grav sou yon lòt moun pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa yon fonksyon anba otorite lekòl la oswa eta a. Nan sitiyasyon sa yo, lekòl la ka mete timoun nan nan yon anviwònman edikatif altènatif pwovizwa pou jiska karant-senk (45) jou lekòl san yo pa konsidere si wi ou non konpòtman an detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun nan. Ekip IEP timoun nan detèmine anviwònman an. Timoun nan dwe retounen nan plasman regilye a nan fen peryòd karant-senk (45) jou ranvwa nan lekòl la.

Anviwònman altènatif pwovizwa a dwe pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la (byenke se nan yon lòt anviwònman), ak pou pwogrese nan sans pou atenn objektif ki etabli nan IEP timoun nan. Li dwe gen ladann tou, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon ak modifikasyon ki abòde konpòtman an ki te mennen nan ranvwa pwovizwa a ak ki te fèt pou anpeche konpòtman an repete.

Paran yon timoun ki gen yon andikap kapab depoze yon plent pou pwosè lekòl pou mande yon odyans akselere pou pwosè lekòl si paran an pa dakò ak desizyon lekòl la pou li retire timoun nan nan yon anviwònman edikatif altènatif pwovizwa akòz dwòg, zam, oswa akòz blezi kòporèl grav.

Èske gen lòt rezon ki fè yo ka mete timoun mwen an nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa?

Lekòl la ka mande yon odyans akselere pou pwosè lekòl pou ka mete timoun nan nan yon anviwònman edikatif altènatif pwovizwa pou jiska karant-senk (45) jou lekòl si lekòl la kwè ke kenbe timoun nan nan plasman aktyèl la gen anpil chans pou lakòz gwo blezi sou timoun lan oswa lòt moun. Lekòl la kapab mande odyans akselere ak plasman altènatif nan fen premye plasman sa si li kwè ke ranvwa kontinyèl la nesèsè.

Kisa yon odyans akselere pou pwosè lekòl ye?

Kòm yon paran, ou se yon manm nan ekip IEP timoun ou an epi pral envite pou patisipe nan nenpòt reyinyon ekip IEP a (yo). Si ou pa dakò avèk desizyon ekip la konsènan detèminasyon

manifestasyon an, oswa ou kwè lekòl la pa te respekte pwosedi disiplinè ak plasman lekòl la, ou ka mande yon odyans akselere pou pwosè lekòl kote yon Sekretè Edikasyon.

Odyans akselere pou pwosè lekòl yo sanble anpil ak odyans regilye pou pwosè lekòl, men se yon sèl ofisye odyans (olye yon komite twa (3) moun) ki koute yo epi dwe fèt nan ven (20) jou lekòl apati lè Depatman an resevwa plent pou pwosè lekòl la san reta oswa pwolongasyon. Ofisye odyans la dwe rann yon desizyon nan dis (10) jou lekòl apre odyans lan fini. Yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan sèt (7) jou kalandriye apati lè lekòl la resevwa avi sou plent pou pwosè lekòl la (sòf si paran yo ak lekòl la dakò alekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an oswa itilize medyasyon pito). Odyans pou pwosè lekòl la ka kontinye sòf si pwoblèm lan te rezoud nan satisfaksyon tou de pati yo nan kenz (15) jou kalandriye apati lè lekòl la resevwa plent pou pwosè lekòl la.

Nan yon odyans akselere pou pwosè lekòl, ofisye odyans la ka:

(1) Retounen timoun nan nan plasman kote yo te retire timoun nan si ofisye odyans lan detèmine konpòtman timoun nan se te yon manifestasyon andikap timoun nan, oswa si retire li a se te yon vyolasyon règ disiplinè yo; oswa

(2) Òdone yon chanjman nan plasman pou yon anviwònman edikatif pwovizwa ki apwopriye pou pa plis pase karant-senk (45) jou lekòl si ofisye odyans lan detèmine ke kenbe plasman aktyèl la timoun nan gen anpil chans pou lakòz blezi sou timoun nan oswa lòt moun.

Yon pati ka konteste desizyon an nan yon odyans akselere pou pwosè lekòl nan menm fason tankou desizyon nan lòt odyans pou pwosè lekòl.

Èske plasman timoun mwen an chanje pandan pwosedi pou pwosè akselere pou lekòl la?

Lè paran oswa lekòl la te depoze yon plent pou pwosè lekòl pou yon odyans akselere pou pwosè lekòl, timoun nan dwe rete nan anviwònman edikatif altènatif pwovizwa a pandan y ap tann desizyon ofisye odyans la (sòf si paran an ak lekòl la te dakò pou yon lòt aranjman).

Èske timoun mwen an gen pwoteksyon si yo pa te idantifye anvan sa ke li bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye?

Sa depann. Si yo pa detèmine timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye ak li epi li te vyole règ disiplinè lekòl la, timoun nan ka revandike nenpòt nan garanti pwosedi yo si lekòl la te konnen ke timoun ou an se te yon timoun ki gen yon andikap anvan move konduit oswa konpòtman an te rive.

Yo konsidere yon lekòl gen konesans si, anvan konpòtman ki te lakòz aksyon disiplinè a, sa ki annapre yo te rive:

(1) Ou te eksprime enkyetid ou alekri ke timoun ou an bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki lye bay pèsònèl sipèvizyon oswa administratif lekòl la, oswa pwofesè timoun ou an;

- (2) Ou te mande yon evalyasyon ki gen pou wè ak kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo; oswa
- (3) Pwofesè timoun ou an oswa lòt pèsònèl lekòl la te eksprime enkyetid espesifik sou yon modèl konpòtman timoun ou an te demontre dirèkteman bay direktè edikasyon espesyal distri lekòl la oswa lòt pèsònèl sipèvizyon.

Yo p ap jije yon lekòl te gen konesans sa a si ou pa te pèmèt yon evalyasyon pou timoun ou an, ou te refize sèvis edikasyon espesyal, oswa timoun ou an te evalye epi yo te detèmine li pa yon timoun ki gen andikap dapre IDEA a.

Si lekòl la pa te okouran de andikap timoun ou an anvan yo pran aksyon disiplinè a, li ka disipline timoun ou an anba menm mezi ak pwosedi ki aplike pou timoun ki pa gen andikap.

Si ou mande yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal pandan timoun ou an ka sibi mezi disiplinè, lekòl la dwe fè yon evalyasyon akselere. Jiskaske evalyasyon an fini, timoun ou an ap rete nan plasman lekòl la deside a, sa ki ka gen ladann sispansyon oswa ekspilsyon san sèvis edikasyon yo. Si timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo, yo dwe bay timoun ou an yon pwogram edikasyon espesyal apwopriye, ki gen ladan pwoteksyon pwosedi ki gen rapò ak ranvwa disiplinè ak lòt.

Èske lekòl la ka rapòte konpòtman timoun mwen an bay yon ajans ki fè aplike lalwa?

Si timoun ou an te komèt yon krim, lekòl la ka rapòte sa bay ajans apwopriye ki fè aplike lalwa. Lwa eta a *egzije* pou lekòl yo rapòte kèk krim lekòl bay yon ajans ki fè aplike lalwa kèlkeswa si li enplike yon timoun ki gen yon andikap. Lekòl la dwe bay ajans ki fè aplike lalwa a dosye edikasyon espesyal ak disiplinè timoun ou an lè li rapòte krim lan, nan mezi Lwa sou Dwa Edikatif ak Vi Prive Fanmi an (FERPA) otorize sa. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou FERPA nan dokiman sa a nan seksyon an, **AKSÈ AK DOSYE EDIKATIF YO**.

TIMOUN KI FÈ PATI LEKÒL PRIVE YO

Kilè li nesèsè pou fè ranbousman frè lekòl prive yo?

Pati B nan IDEA a pa egzije yon distri lekòl pou peye pou kou edikatif, ki gen ladann edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo, pou timoun ou an ki gen yon andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive si lekòl la te mete disponib yon edikasyon piblik apwopriye e gratis pou timoun ou an epi ou chwazi mete timoun nan nan yon lekòl oswa etablisman prive. Sepandan, distri lekòl la kote lekòl prive a sitiye a dwe gen ladann timoun ou an nan popilasyon kote yo abòde bezwen yo dapre dispozisyon Pati B a konsènan timoun paran yo te fè plasman nan prive pou yo. Chanjman nan lwa federal yo te limite responsablite lekòl la pou bay sèvis pou elèv kote paran yo te chwazi pou yo ale nan lekòl prive. Lwa federal la egzije kounye a pou lekòl yo depanse sèlman yon pati pwopòsyonèl nan kantite lajan federal IDEA a nan sikonstans sa yo.

Lekòl la ak eta a ka dakò sou plasman yon timoun ki gen yon andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive nan kèk sitiyasyon. Sinon, si timoun ou an te deja resevwa edikasyon espesyal ak

sèvis ki lye yo, ou gen dwa ak ranbousman pou depans ki lye avèk yon plasman nan lekòl prive sèlman si yon tribinal oswa yon komite odizyon detèmine ke lekòl la pa te mete disponib yon edikasyon piblik gratis e apwopriye pou timoun ou an nan yon fason konvnan, epi plasman nan lekòl prive a apwopriye.

Kilè ranbousman pou depans nan lekòl prive yo ka diminye oswa refize?

Tribinal la oswa komite odyans lan ka diminye oswa refize ranbousman pou depans lekòl prive si ou pa te mete timoun ou an disponib pou yon evalyasyon (sou bon jan avi lekòl la) anvan ou te retire timoun ou an nan lekòl piblik. Tribinal la ka diminye tou oswa refize ranbousman si li jwenn ke ou te aji san rezon lè ou te mete timoun ou an nan lekòl prive.

Yo ka refize ou ranbousman tou si ou pa te enfòmè lekòl la ke ou te rejte plasman edikasyon espesyal lekòl la te pwopoze a epi bay avi sou enkyetid ou yo ak entansyon pou enskri timoun ou an nan yon lekòl prive sou kont leta. Nan ka sa, avi ou a bay lekòl la dwe bay swa:

- (1) Nan dènye reyinyon IEP ou te patisipe anvan ou te retire timoun ou an nan lekòl piblik la; oswa
- (2) Alekri bay lekòl la omwen dis (10) jou ouvrab (ki gen ladan jou ferye) anvan ou te retire timoun ou an nan lekòl piblik la.

Kilè ranbousman an ka pa diminye oswa refize?

Yon tribinal oswa yon komite odyans pa dwe diminye oswa refize ranbousman ou si ou pa te avize lekòl la sou plan ou pou retire timoun ou an paske:

- (1) Bay avi gen anpil chans pou lakòz domaj fizik sou timoun ou an;
- (2) Lekòl la te anpeche ou bay avi; oswa
- (3) Ou pa te resevwa yon kopi Garanti Pwosedi Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal oswa yo te enfòmè ou sou responsablite ou pou avize lekòl la sou entansyon ou pou retire timoun ou an nan lekòl piblik.

Yon tribinal oswa yon komite odyans ka, nan diskresyon li, pa diminye oswa refize ranbousman ou a si ou pa te avize lekòl la sou plan ou pou retire timoun ou an paske:

- (1) Ou pa konn li oswa ou pa ka ekri nan lang Angle; oswa
- (2) Bay avi te kapab lakòz gwo domaj emosyonèl sou timoun ou an.

Anèks

Delaware Department of Education
Exceptional Children Resources
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388
<http://www.doe.k12.de.us>

DEMANN POU
FÒM MEDYASYON POU EDIKASYON ESPESYAL

Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) bay medyasyon pou ede paran, distri lekòl ak lekòl piblik endepandan yo nan rezoud konfli konsènan dispozisyon pou sèvis edikasyon espesyal dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA) ak lwa Delaware ekivalan an. Nou bay medyasyon gratis pou paran, distri lekòl la ak lekòl piblik endepandan yo. Tout pati yo dakò pou eseye medyasyon anvan nou fè tantativ la. Nou ka mande medyasyon lè nou soumèt demann alekri annapre a bay Depatman an:

Non moun ki mande medyasyon an:

Adrès:

Nimewo telefòn yo:

Imèl:

Non timoun:

Distri/Lekòl Piblik
Endepandan:

Non lekòl:

Relasyon ak elèv (tcheke youn):

Paran Responsab Lòt

Distri lekòl oswa lekòl piblik endepandan

Bay yon deskripsyon kout sou kontestasyon ki enplike edikasyon espesyal ak sèvis ki lye yo:

Bay yon deskripsyon kout sou tantativ ki te fèt pou rezoud konfli a anvan demann pou medyasyon an:

Siyati moun ki mande medyasyon an:

(Siyen isit la)

(Dat)

VOYE PA LAPÒS, AN PÈSÒN OSWA FAKSE DEMANN OU A BAY:

Mary Ann Mieczkowski, Direktris
Exceptional Children Resources
Delaware Department of Education
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388

Delaware Department of Education
Exceptional Children Resources
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
<http://www.doe.k12.de.us>

FÒM PLENT POU PWOSE LÈKÒL
AK DEMANN ODYANS POU PWOSE LÈKÒL

Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) bay Fòm Plent pou Pwosè Lekòl la ak Demann pou Odyans pou Pwosè Lekòl la an akò ak Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA) ak règleman federal ak eta a. ***Yon paran oswa yon ajans piblik ka depoze yon plent pou pwosè lekòl ki gen pou wè ak: (1) idantifikasyon an; (2) evalyasyon an; (3) plasman edikatif la; ak/oswa (4) dispozisyon yon edikasyon piblik gratis e apwopriye pou yon timoun ki gen yon andikap.*** Paran oswa ajans piblik yo ka, men pa oblije itilize fòm sa lè y ap depoze yon plent pou pwosè lekòl. Pou enfòmasyon anplis, tanpri gade Pwosedi sou Odyans pou Pwosè Lekòl sou sit entènèt Depatman an nan: www.doe.k12.de.us oswa kontakte (302) 735-4210. Ou ka ale tou nan règleman Depatman an konsènan odyans pou pwosè lekòl yo nan 14 DE Kòd Admin §§ 925.7.0 rive nan 18.0 ak règleman federal yo nan 34 C.F.R. §§ 300.507 rive nan 518.

(1) Non paran oswa ajans piblik k ap depoze plent la:

Adrès: _____

Niimewo telefòn yo: _____

Imèl: _____

Relasyon ak elèv (tcheke youn):

Paran Responsab Avoka Lòt

(2) Enfòmasyon sou Elèv la

Non Elèv la: _____

Adrès: _____

Lekòl elèv la fè pati: _____

(Sonje: Nan ka yon timoun oswa jèn ki sanzabri, tanpri bay nenpòt enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan).

(3) Bay yon deskripsyon nati pwoblèm nan, sa gen ladann fè yo ki gen pou wè ak pwoblèm nan:

(4) Bay yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm nan (nan mezi ou konnen sa ak li disponib pou ou):

(5) Siyati paran oswa ajans piblik k ap deposite plent pou pwosè lekòl la:

_____ (Siyen isit la)

_____ (Dat)

POU DEPOSE PLENT POU PWOSE LEKÒL OU A, VOYE LI ATRAVÈ LAPÒS ETAZINI, AN PÈSÒN OSWA FAKSE LI BAY:

Sekretè Edikasyon
Delaware Department of Education
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654

Depatman an pa aksepte plent pou pwosè lekòl pa imèl.

Nòt enpòtan:

Ou dwe voye yon kopi plent lan tou bay pati opozan an nan menm moman ou voye li bay Sekretè Edikasyon an. Pati opozan an gendwa se distri lekòl la, lekòl piblik endepandan oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la oswa paran an oswa responsab elèv la.

Delaware Department of Education
Exceptional Children Resources
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388
<http://www.doe.k12.de.us>

FÒM PLENT ETA
POU EDIKASYON ESPESYAL

Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) bay Fòm Plent Eta pou Edikasyon Espesyal la an akò ak Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA) ak règleman federal ak eta a. Moun oswa òganizasyon ki swete depoze yon plent nan eta a gendwa, men pa oblije itilize fòm sa. Sonje, nou dwe bay Depatman an tout enfòmasyon ki mande nan fòm sa anvan yon investigasyon kòmanse, sof pou domèn ki te mansyone kòm opsyonèl yo. Ou ka itilize fèy adisyonèl jan sa nesèsè epi atache dokiman pètinan yo pou sipòte afimasyon ou yo. Pou jwenn enfòmasyon anplis sou jan pou depoze yon plent eta, tanpri gade Pwosedir Plent Eta Depatman Edikasyon Espesyal la sou sit entènèt Depatman an nan: www.doe.k12.de.us oswa kontakte (302) 735-4210. Ou ka ale tou nan règleman Depatman an konsènan plent eta yo ke nou jwenn nan 14 DE Kòd Admin §§ 923.51.0 rive nan 53.0 ak règleman federal yo nan 34 C.F.R. §§ 300.151 rive nan 153.

(1) Non moun oswa òganizasyon k ap depoze plent la:

Adrès: _____

Nimewo telefòn yo: _____

Imèl: _____

Relasyon ak elèv la (tcheke youn) Paran Responsab Avoka Lòt

(2) Enfòmasyon sou elèv la, si afime gen yon vyolasyon ki gen pou wè ak yon elèv espesifik:

Non Elèv la: _____

Adrès: _____

Lekòl elèv la fè pati a: _____

(Sonje: Nan ka yon timoun oswa jèn ki sanzabri, tanpri bay nenpòt enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan).

Opsyonèl: Bay yon deskripsyon tantativ ki te fèt yo pou rezoud pwoblèm nan anvan yo te depoze plent la:

(3) Bay yon deklarasyon distri lekòl, lekòl piblik endepandan oswa lòt ajans piblik ki te vyole yon kondisyon Pati B IDEA a oswa règleman edikasyon espesyal Depatman an ak fè yo kote deklarasyon sa baze sou yo a (Opsyonèl: Sa gen ladann peryòd tan ensidan an(yo) te rive a.

(Sonje, vyolasyon ki afime a pa dwe te rive plis pase yon lane anvan dat Depatman an te resevwa plent eta a)

(4) Siyati moun oswa òganizasyon k ap depoze plent la:

_____ (Siyen isit la) _____ (Dat)

POU DEPOZE PLENT ETA, VOYE LI ATRAVÈ LAPÒS ETAZINI, AN PÈSÒN OSWA FAKSE LI BAY:

Mary Ann Mieczkowski, Direktris
Exceptional Children Resources
Delaware Department of Education
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
(302) 739-4654 (Faks)

Depatman an pa aksepte plent eta pa imèl.

Nòt enpòtan:

Ou dwe voye yon kopi plent lan tou bay distri lekòl la, lekòl piblik endepandan an oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la nan menm moman ou depoze plent la bay Depatman Edikasyon an.